

# GID POU DWA PARAN YO



Anba Ak edikasyon moun ak andikap  
2004 (IDEA), Part C



*DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES*

Division of Public Health

Birth to Three Early Intervention Program

Kopi ti liv sa ou ka jwenn yo lè ou kontakte:

**Birth to Three Early Intervention Program**

Margaret O'Neill Building, Third Floor  
410 Federal Street – Suite 7  
Dover, DE 19901

Phone: 302-739-2730  
Fax: 302-622-4141

Email: [DHSS\\_DPH\\_BirthtoThree@delaware.gov](mailto:DHSS_DPH_BirthtoThree@delaware.gov)

[https://dhss.delaware.gov/dhss/dph/birthtothree/  
index.html](https://dhss.delaware.gov/dhss/dph/birthtothree/index.html)

# **Sa ki nan liv la**

Dwa ou .....	1
Konfidansyalite .....	5
Aksè ak dosye.....	9
Konsantman ak avi ekri alavans.....	13
Opsyon rezolisyón dispit .....	17
Definisyon .....	29
Resous .....	35



# Dwa ou

Fanmi ki ap chèche oubyen resevwa sèvis entèvansyon bonè nan Delaware pwogram entèvansyon soti nan nesans jiska twa zan gen dwa espesyal anba lwa federal. Yo dwe enfòme ou de dwa sa yo ak pwoteksyon pwosedi pou ou ka gen yon wòl aktif nan desizyon ki ap pran konsènan sèvis kap bay pou pitit ou ak fanmi ou.

Sèvis koòdinatè fanmi ou ap ba ou enfòmasyon esansyèl sou dwa fanmi ou ak pwoteksyon pwosedi anba "Part C" nan Ak edikasyon moun k andikap yo (IDEA), nan ti liv sa, *Gid pou dwa paran*, ki se youn pati ofisyèl nan avi pou dwa ou ak pwoteksyon.

Pwogram entèvansyon soti nan nesans jiska twa zan la pou maxsimize Patisipasyon fanmi ak pou asire konsantman nan chak etap pwosès entèvansyon bonè a, Komanse ak evaliyasyon ak asèsman devlopman pitit ou, ak kontinye nan delivre sèvis ak tranzisyon. Lè ou patisipe, ou ka ede sèvis koòdinatè a ak founisè yo planifye sèvis ki koresponn ak preferans epi bezwen fanmi ou.

## Ou gen dwa sa yo:

- Opòtinite pou ou genyen evaliyasyon nan plizyè disiplin;
- Si pitit ou kalifye, asèsman nan plizyè disiplin ak asèsman sou fanmi;
- Sèvis kòdinasyon;

- Yon plan sèvis endividyalize pou fanmi (IFSP) nan 45 jou nan kalandriye sa soti nan jou dat referans pou pwogram nan;
- Pwosedi pwoteksyon gratis pou ou. Ou ka peye pou lòt sèvis entèvansyon bonè pou yon ti kras kòb. Sepandan, si ou pa ka peye sa pa ka anpeche pitit ou a oubyen fanmi ou resevwa sèvis;
- Si ou kalifye, opòtinite pou resevwa sèvis entèvansyon nan 30 jou kalandriye soti nan dat ou bay konsantman ou pou chak sèvis ki nan dokiman nan IFSP ou a;
- Pou ou refize oubyen bay konsantman ou pou evaliyasyon yo, asèsman yo, ak sèvis entèvansyon bonè yo, ansanm ak yon refi sou kèk sèvis ki nan dokiman IFSP a;
- Pou ou chwazi pa itilize asirans medikal ou pou ou peye pou sèvis entèvansyon bonè;
- Pou ou envite, ak patisipe nan, tout reyinyon kote yap pran desizyon ki konsène sèvis entèvansyon bonè pou fanmi ou, ansanm ak resewva yon avi ekri alavans sou nenpòt pwopozisyon oubyen refi konsène evaliyasyon, idantifikasiyon (Detèminasyon si wi ou non pitit ou kalifye pou sèvis entèvansyon bonè, plasman (kote sèvis yo pral bay la), ak pwovizyon sèvis entèvansyon bonè pou ou ak pitit ou (enkli sa ki nan IFSP a);
- Pou resevwa sèvis entèvansyon bonè nan yon anviwonman natirèl nan woutin fanmi ou, nan yon fason apopriye, pou satisfè bezwen devlopman pitit;

- Pou trete enfòmasyon ki ka idantifye pitit ou avèw konfidansyèlman;
- Pou enspekte, revize, ak, si ou mande ak si li apopriye chanje dosye yo; ak
- Pou mande kèk rezolisyon pou pwochè dispit ka rezoud dezagreman nan mitan ou menm ak pwogram sèvis entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan oubyen founisè sèvis, tankou pote plent ak/oubyen mande medyasyon oubyen odyans pwochè.

Si ou gen yon kesyon oubyen ou vle diskite yon enkyetid,  
Ou ka kontakte sèvis koòdinatè fanmi ou oubyen yon  
sipèvizè nan:

302-283-7240 nan konte New Castle; Oubyen  
302-424-7300 nan konte Kent ak Sussex

Ou ka kontakte tou koòdinatè “Part C” nan (302)- 739-  
2730 si ou gen kesyon oubyen bezwen pale ak yon moun  
sou dwa ou yo ak Patisipasyon nan pwogram entèvansyon  
bonè soti nan nesans jiska twa zan.

Pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan  
soti nan 2 depatman nan depatman sante ak sèvis sosyal,  
Divizyon sante piblik:

- **Pwogram entèvansyon soti nan nesans jiska twa zan – Administrasyon** responsab pou devlope règ ak pwosedi, sipèvizyon, eta, piblik, ak fon prive pou sèvis entèvansyon bonè yo, manajman kontra ak founisè yo, ak asire dwa ou yo anba “Part C” nan IDEA.

- **Pwogram entèvansyon soti nan nesans jiska twa zan**
  - **Child Development Watch** responsab pou bay rapò, evaliyasyon, asèsman, sèvis kòdinasyon, IFSP, sèvis ak tranzisyon pou ptit ou ak fanmi ou.

Tou lè de pati pwogram entèvansyon soti nan nesans jiska twa zan travay ansam pou asire ke sistèm entèvansyon bonè a nan Delaware travay byen pou fanmi yo ki gen ti bebe ak timoun ki gen reta nan devlopman yo oubyen andikap.

# Konfidansyalite

Lè yo refere ptit ou nan pwogram sèvis entèvansyon bonè a, sèvis koòdinatè fanmi ou dwe asire ke ou konnen tout kondisyon Konfidansyalite yo ki enkli ki enfòmasyon ak enfòmasyon kiyès ki konsève, kisa ajans lan oubyen founisè dwe fè pou kenbe enfòmasyon ou konfidansyèl, ak yon deskripsyon tout dwa ou sou sa ki konsène enfomasyon ptit ou ak fanmi ou. Se dwa ou pou ou genyen enfòmasyon sa nan lang matènèl ou, nan limit ki posib.

Enfòmasyon ke ou bay pwofesyonèl entèvansyon yo sou fanmi ou lè referans lan ak pandan tout kontak ou nan pwogram entèvansyon soti nan nesans rive nan twa zan yo konfidansyèl. Enfòmasyon ki ka idantifye ou ap pataje ak lòt moun sèlman avèk konsantman ou, sof si yon manda, oubyen yon lòd ki soti nan tribinal mande sa.

Tanzantan, nou ka mande lòt sèvis ak/oubyen pwofesyonèl sante enfòmasyon sou ptit ou, men nu bezwen konsantman ou pou sa fèt. Nou bezwen konsantman ou tou avan nou ka pataje nenpòt enfòmasyon sèvis entèvansyon ptit ou ak lòt moun andeyò de pwogram entèvansyon soti nan nesans jiska twa zan an.

Konsantman ekri paran dwe bay avan ke enfòmasyon ki ka idantifye moun nan:

- Divilge bay nenpòt moun ke reprezantan otorize, ofisyèl, oubyen anplwaye lòt ajans, enkli depatman sante ak sosyal sèvis, koòdinatè sèvis fanmi, ak founisè sèvis ki kolekte, kenbe, oubyen itilize enfòmasyon ki soti nan pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa

zan, sof si yo otorize anba Ak prive ak dwa edikasyon pou fanmi (FERPA)(34CFR99.31); oubyen

- Itilize pou lòt objektif ke yon satisfè yon kondisyon anba pwosedi pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan.

Pwoteksyon sa yo dwe anplas pou asire ke dosye yo rete konfidansyèl

- Pwogram nesans jiska twa zan, pwogram rejional, ak founisè sèvis dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ki ka idantifye moun pandan koleksyon, storaj, divilgasyon, ak destriksyon depi lè pitit ou a jwenn referans pou sèvis entèvansyon bonè jiskaske pwogram nan pa nesesè anko oubyen pwogram nan pa kenbe enfòmasyon sa yo anko anba lwa federal oubyen eta a;
- Yon ofisyèl nan chak pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan ak founisè sèvis dwe responsab pou asire konfidansyalite nenpot enfòmasyon ki ka idantifye moun;
- Tout moun kap kolekte oubyen itilize enfòmasyon ki ka idantifye moun dwe resevwa Fòmasyon oubyen enstriksyon ki konsène pwosedi pwogram entèvansyon bonè a ki konfime avèk Part C nan IDEA ak FERPA
- Chak pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan oubyen founisè sèvis dwe kenbe pou enspeksyon piblik yon lis non ak pozisyon anplwaye li yo nan ajans lan ki gen aksè ak enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye moun; ak

- Pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan oubyen founisè sèvis dwe enfòme ou lè enfòmasyon ki ka idantifye ou kolekte, kenbe, oubyen itilize lè pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan pa nesesè anko pou bay pitit ou a sèvis.

Ou ka mande pou yo detwi enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye ou sou demand ou; sepandan, pwogram entèvansyon bone soti nan nesans jiska twa zan dwe asire san limitasyon enfòmasyon sa yo:

- Non timoun nan ak dat li fèt;
- Enfòmasyon paran, ansanm ak adrès ak nimero telefòn;
- Non koòdinatè sèvis fanmi an ak founisè sèvis entèvansyon bonè a; ak
- Done soti, ansanm ak ane ak laj lè li soti nan pwogram nan ak nenpòt lòt pwogram li antre.



# Aksè ak dosye

Dosye entèvansyon bonè ptit ou ka pataje nan pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan pou asire ke sèvis yo byen kowòdone, tankou lè yon desizyon ap pran sou ki pwogram oubyen ki founisè ki pral bay sèvis.

Ou gen dwa pou ou enspekte oubyen revize dosye ki gen rapò ak plizyè disiplin evaliyasyon ak asèsman; detèminasyon elijibilite; devlopman ak enplantasyon IFSP yo; Pwovizyon sèvis entèvansyon bonè; konplent endividylek ki gen rapò ak ptit ou ak nenpòt lòt pati nan pwogram entèvansyon bonè ki enplike dosye ptit ou ak fanmi ou, sof si gen restriksyon lalwa eta a oubyen pwoblèm gadyen, separasyon, oubyen divòs

## **Dwa pou enspekte ak revize dosye yo gen ladan li:**

- Pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan oubyen founisè sèvis la dwe bay, san ou pa peye kòb, yon kopi evaliyasyon pou chak disiplin, asèsman ptit ou ak/oubyen fanmi ou, ak IFSP pi vit ke posib aprè chak reyinyon IFSP, ak, nan okenn ka pa plis ke 10 jou nan kalandriye a aprè ou finn fè demand lan.
- Pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan oubyen founisè sèvis la dwe konfime li ak yon demand pou dosye san okenn reta ki pa nesesè ak avan nenpot reyinyon konsènan yon IFSP oubyen odyans ki gen rapò ak idantifikasyon, evaliyasyon, plasman, oubyen pwovizyon pou sèvis entèvansyon bonè pou ptit ou ak fanmi ou ak, nan okenn ka pa plis ke 10 jou nan kalandriye a aprè ke demand lan fèt.

- Pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan oubyen founisè sèvis ka chaje yon frè si ou bezwen yo fè kopi adisyonèl pou ou si frè a pa anpeche ou egzèse dwa ou pou enspekte ak revize dosye sa yo; sepandan, yo pa ka chaje ou yon frè pou yo chèche pou ou oubyen rekipere enfòmasyon.
- Si nenpòt dosye gen ladan li enfòmasyon sou plis ke yon timoun, ou ka enspekte ak revize, oubyen enfòme sou, sèlmán enfòmasyon ki konsène pitit ou a.
- Wap resevwa yon repons nan men pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis pou demand ki rezonab pou explikasyon ak entèpretasyon dosye a.
- Ou gen opsyon pou ou genyen yon moun ki reprezante ou enspekte oubyen revize dosye a.
- Pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis ap asime ke ou gen otorite pou enspekte ak revize dosye ki konsène pitit ou sof si ajans lan resevwa dokiman ki di ke ou pa gen otorite sa anba lalwa Delaware ki aplikab.
- Chak pwogram rejional entèvansyon bonè oubyen founisè sèvis dwe kenbe yon kopi ekri chak moun ki gen aksè ak yon dosye ki kolekte, kenbe, oubyen itilize nan pwogram nan, eksepte paran ak anplwaye otorize oubyen founisè sèvis ki gen aksè, ansanm ak non moun, dat aksè a te bay, ak rezon poukisa moun nan te otorize pou itilize dosye entèvansyon bonè timoun nan.
- Chak pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans rive jiska twa zan oubyen founisè sèvis dwe ba

ou, sou demand, yon lis sou ki tip ak lokasyon dosye ke yo kolekte, kenbe, oubyen ke ajans lan oubyen founisè a itilize.

Si ou kwè ke enfòmasyon ki kolekte nan dosye ptit ou a, kenbe, oubyen ke pwogram entèvansyon bonè a itilize gen bagay ki pa egzat oubyen enfòmasyon ki pa vre, oubyen vyole vi prive oubyen lòt dwa ptit ou oubyen fanmi ou, ou ka mande pou pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an ak/oubyen founisè sèvis ki kenbe dosye ptit ou a pou li korije enfòmasyon sa yo.

- Ajans lan dwe reponn san reta ki pa nesesè nan, pa plis ke 10 jou nan kalandriye a aprè ou fè demand lan.
- Si pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis la refize korije dosye ptit ou, jan ou te mande sa, ou gen dwa pou resevwa refi sa ekri and pou fè konnen ke ou gen dwa a yon odyans ki konsène dosye ptit ou.
- Yon demand pou yon odyans dwe fè nan koòdinatè Part C a ki pral kontakte ou pou eksplike w' ke ou gen chwa pou yon odyans:
  - Pa yon moun, enkli yon ofisyèl pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan– Administrasyon, ki pa gen yon enterè dirèk nan rezulta odyans lan; oubyen
  - Yon pwosesis odyans swivan pwosedi ki dekri nan **paj 25** la.
- Si ou gen nenpòt kesyon sou 2 opsyon sa yo, ou kontakte koòdinatè Part C a.

- Si, kom rezulta odyans lan, yo deside ke enfòmasyon yo pa korèk, ka twonpe, oubyen vyole vi prive oubyen lòt dwa timoun nan oubyen fanmi an, pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an, founisè sèvis la ap korije enfòmasyon ki dwe korije yo epi y'ap fèw konnen sa.
- Si, kom rezulta odyans lan, yo deside ke enfòmasyon yo korèk, pa twonpe, oubyen pa vyole vi prive timoun nan oubyen fanmi an, y'ap enfòme w' dwa ou pou ou ekri nan dosye a ke enfòmasyon sa yo rete konsa nenpòt rezon pou dakò ak desizyon pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an oubyen ofisyen odyans lan.

Nenpòt eksplikasyon ki nan dosye ptit ou a dwe:

- Nan dosye ptit ou a ke Pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an kenbe depi pati ke ou pa dako avèl la kenbe nan ajans lan; ak
- Si dosye ptit ou oubyen pati ou pa dakò avèl la nan dosye ptit ou ke pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis fè lòt moun konnen, eksplikasyon an dwe divilge bay lòt moun nan.

# Konsantman ak avi ekri alavans

Pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an, pwogram rejional la, ak/oubyen yon founisè sèvis bezwen konsantman ekri w' pou pran aksyon ki ap afekte pitit ak fanmi ou. Y'ap mande w' pou bay konsantman w' alekri avan sa yo ka fèt:

- Tout evaliyasyon ak asèsman pitit ou;
- Sèvis entèvansyon bonè pou bay pou pitit ou ak fanmi ou;
- Benefis piblik oubyen asirans oubyen asirans prive itilize si konsantman mande pou jwenn aksè a asirans piblik oubyen prive; ak/oubyen
- Jwenn ak/oubyen divilge nenpòt enfòmasyon ki kolekte ki ka idantifye moun, enfòmasyon ki kenbe, oubyen itilize nan pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis konsistan ak lwa federal ak eta a.

## **Kòn paran, ou gen dwa ou pou:**

- Bay, refize, oubyen retire konsantman ekri ou avan aktivite, tankou evaliyasyon, asèsman timoun, oubyen avan kèk nan sèvis entèvansyon bonè yo Komanse, chanje, oubyen fini;
- Bay, refize, oubyen retire konsantman ekri ou, nenpòt lè, sou youn oubyen plizyè sèvis entèvansyon bonè ak/

oubyen frekans sèvis san enpak sou lòt moun. Sèl sèvis ou bay konsantman sou yo a ap bay; ak

- Si ou deside aksepte oubyen refize yon sèvis nan yon moman pita, ou ka bay konsantman ou kòm paran.

Si ou chwazi pa bay konsantman ou, pitit ou a pap resevwa sèvis. Koòdinatè sèvis pou fanmi ou ap bay enfòmasyon nan yon reyinyon oubyen alekri pou di ki aksyon ki pwopoze, rezon pwopozisyon an oubyen refi a, ak rezulta pou bay oubyen pou bay konsantman.

Sèlman yon sèl paran ki gen dwa legal ki ka bay konsantman. Nan sitiyasyon kote tou lè 2 paran yo gen dwa legal men yo pa dakò, y'ap mande pou nou travay ansam pou jwenn yon antant. Si sa pa posib, pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans rive jiska twa zan an pap kontinye toutan yon tribunal oubyen yon antite legal pa deside kiyès ki gen otorite pou pran desizyon yo.

## Avi ekri alavans

Avi ekri alavans la pou asire ke ou gen enfòmasyon sou aksyon ki pwopoze oubyen refi konsènan Patisipasyon pitit ou nan pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an avan aksyon yo fèt pou ou ka pran desizyon ak fè chwa apropriye.

Koòdinatè sèvis fanmi an dwe ba ou yon avi alavans ak eksplikasyon sou aksyon ki pwopoze oubyen refi avan idantifikasyon (elijibilité), evaliyasyon, plasman (lokasyon sèvis yo), ak/oubyen pwovizyon sou nenpòt sèvis entèvansyon bonè oubyen lòt aksyon ki ap afekte pitit ou ak fanmi ou.

### **Avi a dwe detaye pou enfòme ou sou:**

- Aksyon sa yo pwopoze oubyen refize;
- Rezon pou pwopozisyon an oubyen refi a; ak
- Dwa disponib anba IDEA, Part C.

Avi ekri alavans lan dwe:

- Ekri nan lang ke tout moun ka konprann ak nan lang natif ou, sof si sa pa posib menm;
- Si lang natif ou oubyen fason ou kominike pa ka ekri, pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis la dwe pran lòt etap pou asire ke:
  - Avi a tradwi oralman oubyen lòt mwayen ki nan lang natif ou oubyen lòt mwayen komunikasyon;
  - Ou konprann avi a;
  - Genyen yon evidans ekri ke kondisyon dwa sa yo satisfè; ak
  - Si ou soud, avèg, pa ka li, oubyen pa gen yon lang ki ekri, mòd komunikasyon an dwe yon fason ou konn itilize (tankou langaj siy, bray, oubyen komunikasyon oral).

### **Paran ranplasan**

Pwogram entèvansyon bonè a nonmen yon paran ranplasan, lè:

- a gen paran, jan sa defini nan **paj 33** ka identife;

- Pa ka jwenn ki kote paran an ye aprè tout efò rezonab yo;
- Gad timoun bay a depatman sèvis timoun, jènn, ak fanmi yo oubyen lòt ajans nan eta a pa tribunal fanmi; oubyen
- Tribunal fanmi koupe dwa paran yo, pa gen okenn moun kòm gadyen, e ti bebe a/timoun nan poko adopte e konsidere tankou timoun eta a.

Pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an responsab pou asire ke yo kenbe yon lis paran ranplasan e dwe chwazi yon moun pou aji tankou paran ranplasan. Yon paran ranplasan dwe la nan 30 jou aprè detèminasyon ke timoun nan bezwen yon paran ranplasan. Si timoun nan se yon timoun leta, yon jij ap veye ka timoun nan pou li ka ba li yon paran ranplasan ki satisfè kondisyon pou paran ranplasan pou entèvansyon bonè.

Paran ranplasan gen menm dwa ak yon paran natirèl oubyen paran adoptif ki gen rapò ak Part C e dwe reprezante timoun nan tout sa ki konsène:

- Evaliyasyon ak asèsman plizyè disiplin pou pitit ou a;
- Devlopman, enplantasyon, evaliyasyon anyèl, ak revizyon IFSP a;
- Konsantman ekri paran an pou yon inisyal ak pwovizyon kontinyèl sèvis entèvansyon bonè; ak
- Nenpòt lòt dwa anba Part C.

# Opsyon rezolisyon dispit

Si ou menm oubyen gwoup entèvansyon bonè pa dakò avèk evaliyasyon an ak/oubyen rezulta evaliyasyon yo, tip sèvis ki pral bay yo, oubyen lòt pwoblèm, gen pwosedи pou rezoud enkyetid sa yo rapid.

## Rezolisyon dispit enfòmèl

Si aktivite entèvansyon bonè yo pa fèt nan lè yo te dwe fèt yo oubyen nan fason ou te espere a, nou ankouraje ou pou w' kontakte koòdinatè sèvis fanmi ou pou li ka reponn kesyon ou yo, ede w' kominike avèk lòt pwofesyonèl entèvansyon bonè, ak/oubyen, si sa nesesè, chita ak gwoup ou a pou diskite enkyetid ou yo. Travay koòdinatè sèvis fanmi an se pou ede ou navige pwogram nan. Anplis, ou ka chèche jwenn ka koòdinatè Part C a pou rezoud nenpot dezakò.

Sepandan, si etap enfòmèl yo pa mache pou satisfè dezakò yo, gen lòt etap pou asire ke konplent yo adrese epi rezoud.

## Opsyon fòmèl rezolisyon dispit

Malgre ke nou ankouraje w' pou ou travay ak koòdinatè sèvis fanmi w' ak/oubyen manb gwoup entèvansyon an pou rezoud pwoblèm enfòmèl, gen lòt opsyon ki disponib pou ou.

### **Kòm paran, ou gen dwa pou:**

- Pote yon konplent si ou kwè ke gen yon vyolasyon IDEA, Part C, ak/oubyen
- Mande yon medyasyon pou rezoud nenpòt dispit ki konsène koze entèvansyon bonè enkli sa ki te la avan ou te ranpli pwosesis konplent odyans lan; ak/oubyen
- Mande yon pwosesis odyans si ou pa dakò ak pwopozisyon pwogram entèvansyon bonè nesans jiska twa zan an oubyen refi pou inisyé oubyen chanje idantifikasiyon (kalifikasyon), evaliyasyon, plasman (kote), oubyen pwovizyon sèvis entèvansyon bonè yo (sa vle di sèvis IFSP) anba IDEA, Part C.

### **Plent Leta yo**

Nenpòt moun oubyen òganizasyon ka ranpli yon konplent sou yon vyolasyon kondisyon nan Part C nan IDEA, ak/oubyen ak règleman pwogram entèvansyon bonè nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis, ak yon deskripsyon reyalite sou sa ki nan konplent lan.

### **Kòm paran, ou gen dwa pou:**

- Mande yon mediyasyon;
- Pote yon konplent, oubyen mande yon mediyasyon;
- Fè yon demann pou yon pwosesis odyans ansanm; ak/oubyen
- Resevwa asistans pou koòdinatè sèvis fanmi oubyen koòdinatè part C pou pote plent.

## Nenpòt moun oubyen òganizasyon ki pote yon plent nan eta a gen dwa pou:

- Resevwa yon desizyon final alekri nan 60 jou nan kalandriye Komanse nan jou koòdinatè Part C resevwa plent lan; oubyen
- Resevwa yon ekstansyon sou 60 jou nan kalandriye a si:
  - Yon sikontans eksepsyonèl egziste ki gen rapò ak plent lan, oubyen
  - Gen yon akò pamí tout moun ki konsène yo nan plent lan pou angaje nan yon mediyasyon.

Plent alekri a dwe gen enfòmasyon sa yo:

- Yon deklarasyon ke pwogram rejional entèvansyon bonè nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis entèvansyon bonè oubyen founisè sèvis la vyole yon kondisyon anba Part C nan IDEA;
- Reyalite sou kisa deklarasyon an baze;
- Siyati ak enfòmasyon moun ki pote plent lan; ak
- Si plent lan la konsène yon timoun espesifik:
  - Non ak adrès kote timoun nan reta;
  - Non pwogram rejional entèvansyon bonè nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis kap sèvi timoun nan;
  - Deskripsyon pwoblèm nan, ansanm ak reyalite pwoblèm nan; ak
  - Yon pwopozisyon pou yon rezolisyón pou pwoblèm nan lè plent lan pote a.

Si ou deside pote yon plent, li dwe fè nan yon ane pandan vyolasyon an fêt la. Anplis, règleman federal yo mande pou moun kap pote plent yo dwe voye yo kopi nan pwogram rejional sèvis entèvansyon nesans jiska twa zan an ki ap sèvi timoun nan lè plent lan te pote a.

Ou ka ale kote koòdinatè Part C pou w' pote yon plent nan:

### **Pwogram entèvansyon nesans jiska twa zan**

Margaret O'Neill Building, Third Floor  
410 Federal Street – Suite 7  
Dover, DE 19901

Phone: 302-739-2730  
Fax: 302-622-4141

Email: [DHSS\\_DPH\\_BirthToThree@delaware.gov](mailto:DHSS_DPH_BirthToThree@delaware.gov)

Si ou bezwen asistans pou ou ka pote plent, pa ezite jwenn ak koòdinatè Part C a. Lè li resevwa plent lan, gwoup la gen 60 jou, sof si gen sikontans ki egziste, pou:

- Envestige plent lan, ansanm ak fè yon envestigasyon endependant sou plas, si sa nesesè;
- Fè yon detèminasyon endepandan sou si wi ou non te gen vyolasyon nan Part C nan IDEA fêt pou revize tout enfòmasyon; ak
- Bay yon desizyon alekri pou moun ki te pote plent lan ki adrese chak akizasyon ki nan plent lan e ki gen reyalite ak konklizyon ansanm ak rezon desizyon final la.

Moun oubyen òganizasyon ki depoze plent lan gen opòtinite pou bay lòt enfòmasyon, swa oralman oubyen alekri, sou plent lan.

Pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis la dwe jwenn opòtinite pou reponn ak plent lan e dwe gen yon opòtinite pou moun ki pote plent lan ak pwogram rejional la oubyen founisè sèvis la angaje nan mediyasyon volontèman.

Si desizyon final la montre ke sèvis apopriye yo pat/pa bay, koòdinatè Part C a dwe asire ke pwogram rejional la oubyen founisè sèvis la ap adrese koman pou korije refi sèvis yo ansanm ak, sèvis konpansatwa oubyen ranbousman lajan oubyen aksyon apopriye pou bezwen timoun nan ak fanmi an. Li dwe enkli pwosedi pou enplantasyon efektif desizyon an, si nesesè, ansanm ak asistans Teknik, negosyasyon, ak aksyon korektif pou reyalize konfòmite

Koòdinatè Part C a dwe asire ke pwogram rejional la oubyen founisè sèvis la ap adrese pwovizyon apopriye pou tout ti bebe ak timoun ki gen andikap ak fanmi yo.

Si yo resevwa yon plent alekri ki dwe gen yon pwosesis odyans oubyen gen plizyè lòt pwoblèm, ki ka gen youn oubyen plizyè ki ap nan odyans lan, koòdinatè Part C a dwe separe nenpòt pati plent lan ki fè pati de odyans lan jiskaske konklizyon odyans lan bay. Sepandan, nenpòt pwoblèm ki pa fè de aksyon odyans lan dwe rezoud nan 60 jou nan kalandriye sèvi ak pwosedi plent ki dekri anlè a.

Si yon pwoblèm parèt nan yon plent anba yon seksyon ki te gentan gen yon desizyon nan yon odyans ki enplike menm pati yo:

- Desizyon odyans lan obligatwa; ak
- Koödinatè Part C dwe enfòme moun ki pote plent lan sou efè sa.

Nenpòt plent ki akize pwogram rejional la oubyen founisè sèvis la ki pa enplimante detay ki nan desizyon odyans lan dwe rezoud nan aksyon ak pwogram entèvansyon bonè nesans jiska twa zan an.

## **Mediyasyon**

Mediyasyon se yon pwersòs volontè e dwe itilize lè 2 pati yo dakò pou yo fè sa. Ou menm ak pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an ka mande mediyasyon pou rezoud dezagreman sou sèvis entèvansyon bonè pou pitit ou, detèminasyon pou kalifikasyon, asèsman pitit ou and asèsman pou fanmi ou, IFSP pitit ou,

Ak pwovizyon pou sèvis entèvansyon bonè nan IFSP pitit ou.

Avèk èd yon mediyatè enpasyal, ou menm ak founisè entèvansyon bonè ki ap travay a ak fanmi w' gen opòtinite pou pale sou pwoblèm nan epi diskite solisyon.

Yon mediyatè se yon moun ki kalifye e ki enpasyal ki resevwa Fòmasyon sou Teknik pou mediyasyon e ki konn lalwa, regilasyon, règleman ak pwosedl ki konsène

pwovizyon sèvis entèvansyon yo. Pwogram entèvansyon bonè- Gwoup administrasyon an responsab pou kenbe yon lis mediyatè ki kalifye, ki gen konesans pou pri pwosès mediyasyon an, ansanm ak pri mediyasyon reyinyon an

Yon mediyatè:

- Pa yon anplwaye nan okenn ajans oubyen pwogram ki bay sèvis entèvansyon bonè oubyen swen pou timoun oubyen fanmi;
- Pa gen yon enterè pèsonèl ni pwofesyonèl ki ap sèvi konfli ak objektif li nan enplimante pwosès la;
- Pa yon anplwaye nan okenn ajans oubyen pwogram paske moun nan peye pa pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an pou enplimante mediyasyon an; ak
- Chwazi owaza.

**Kòm paran, ou gen dwa pou ou mande oubyen refize patisipe nan mediyasyon. Si tou lè 2 pati yo dakò pou mediyasyon, ou gen dwa pou:**

- Gen konferans mediyasyon nan yon mannyè apwopriye e yon kote ki bon pou ou ak lòt moun ki ap patisipe yo;
- Gen tout enfòmasyon ki ka idantifye moun nan yon kote konfidansyèl;
- Si pati yo rezoud diskisyon yo nan mediyasyon, resevwa yon ekri, siyen, medyasyon aplikab ki gen detay tout akò rezulta medyasyon an; ak

- Kenbe diskisyon medyasyon yo konfidansyèl e pa itilize yo kòm evidans nan okenn pwosedi odyans oubyen sivil.

Medyasyon yo pa ka itilize pou refize ou mete anreta yon pwosedi odyans oubyen nenpot lòt dwa. Ou ka mande medyasyon lè ou pote yon plent oubyen menm lè fè demand pou pwosesis odyans lan. Ou ka refize medyasyon oubyen retire pwosès medyasyon an nepòt lè.

Si ou deside mande medyasyon, ou ka mande koòdinatè sèvis fanmi ou oubyen koòdinatè Part C asistans nan lang natif ou oubyen yon lòt mòd komunikasyon. Ou ka mande tou medyasyon an lang siy oubyen bray.

Lè koòdinatè Part C a resevwa demand ou a pou mediyasyon an:

- Koòdinatè Part C a ap cheche yon mediyatè nan 10 jou
- Pwogram entèvansyon bonè a responsab pou peye mediyasyon an.
- Chak sesyon nan pwosès mediyasyon an dwe pwogramme alè e dwe fèt yon kote ki bon pou tou lè 2 pati yo (Paran ak pwogram rejional entèvansyon bonè nesans jiska twa zan an oubyen founisè sèvis la) pou dispit la.
- Akò medyasyon an legalman obligatwa epi:
  - Di tout diskisyon ki pale pandan mediyasyon an dwe rete konfidansyèl e pa dwe itilize kòm evidans nan okenn pwosedi odyans ou pwosedi sivil; ak
  - Li siyen pa tou lè 2 paran yo ak yon reprezantan pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans

jiska twa zan an oubyen founisè sèvis ki gen otorite pou fè ajans lan kenbe pwomès li sou sa ki te dakò yo.

Yon akò mediyasyon ekri, siyen aplikab nan nenpòt tribinal ki nan jirisdiksyon an oubyen nan nenpòt tribinal nan distri Etazini.

## Pwosed Odyans

Yon pwosed odyans se yon pwosed fòmèl ke paran yo ka itilize pou rezoud dezagreman ki konsène pwopozisyon pwogram entèvansyon bonè soti nesans jiska twa zan an oubyen chanje idantifikasyon (detèminasyon kalifikasyon), evaliyasyon nan plizyè, oubyen pwovizyon apwopriye pou sèvis entèvansyon bonè. Delaware adopte Part C pwosesis pwosed odyans ki konsistan avèk Part C nan IDEA, seksyon 303.435-438.

Fammi yo ka mande yon pwosed odyans lè yo pote yon plent bay koòdinatè Part C a nan:

### **Birth to Three Early Intervention Program**

Margaret O'Neill Building, Third Floor  
410 Federal Street – Suite 7  
Dover, DE 19901

Phone: 302-739-2730  
Fax: 302-622-4141

Email: [DHSS\\_DPH\\_BirthToThree@delaware.gov](mailto:DHSS_DPH_BirthToThree@delaware.gov)

Lè yo resevwa demand lan pou pwosedi odyans lan, koòdinatè Part C a dwe pran yon ofisyen empasyal, pi vit ke posib, ki:

- Gen konesans sou pwovizyon Part C nan IDEA ak bezwen, ak sèvis ki disponib pou, ti bebe ak timoun ki gen andikap ak fanmi yo; ak
- Ranpli devwa sa yo:
  - Tande prezantasyon pwen ki relevan sou pwosesis plent lan;
  - Egzamine tout enfòmasyon ki konsène pwoblèm nan epi chèche yon solisyon a tan pou pwosedi odyans plent lan; ak
  - Bay yon dosye pwosedi yo ke pwogram entèvansyon bonè a responsab pou peye, ansanm ak desizyon ekri odyans lan.

Pandan tan pwosedi odyans lan, pitit ou a ap kontinye resevwa sèvis entèvansyon bonè ki nan IFSP a ke li te Komanse resevwa, sof si ou menm ak Gwoup IFSP a dakò sou yon chanjman. Si dezakò a mande yon lòt sèvis ki pokò komanse, sèvis la pap komanse toutan desizyon odyans lan pa bay. Pitit ou ak fanmi ou ap resevwa sèvis ki nan IFSP a ki pa gen diskisyon sou yo.

### **Pandan yon pwosedi odyans, ou gen dwa pou:**

- Gen pwosedi odyans lan an yon lè ak yon kote ki bon pou ou;

- Gen yon avoka ki akonpanye ou ak/oubyen yon moun ki gen konesans oubyen fòmasyon sou sèvis entèvansyon bonè yo pou timoun ki kalifye, ak kòb pa w';
- Prezante evidans ak konfwonte, egzamine, ak mande pou temwen la;
- Entèdi pou yo entrodwi nenpòt evidans ke yo pat fè w' konnen 5 jou avan odyans lan komanse;
- Jwenn yon relve odyans lan alekri oubyen elektwonik san ou pa peye pou sa; ak
- Resevwa, nan 30 jou aprè ou fè demand pou pwosedi odyans lan ke koödinatè Part C a resevwa, yon kopi de tout sa yo jwenn ak desizyon yo san ou pa peye, sof si gen yon ekstansyon ofisyel odyans lan bay.

## Aksyon sivil

Si u santi ke dispit la pa rezoud nan pwosedi odyans lan, ou gen dwa pou pote yon aksyon sivil nan tribinal kont eta a nan 30 jou desizyon an pran oubyen nan tribinal federal.



# Definisyon

**Pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an – Administrasyon**, nan depatman sante ak sèvis sosyal (DHSS), ki responsab administrasyon general ak siveyans pwogram rejional entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an ak aktivite ke ajans lan bay, enstitisyon, òganizasyon, ak founisè sèvis entèvansyon bonè ki resevwa lajan federal anba Part C nan IDEA.

**Pwogram ki ap gade devlopman timoun**, anndan pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan, gen responsabilite operasyonèl tou lè 2 pwogram rejional yo (Kent/ Sussex and New Castle) pou bay sèvis entèvansyon pou timoun nan Delaware ki gen andikap ak fanmi yo, gen sa yo:

- Idantifikasyon timoun ak fanmi ki kalifye pou Part C;
- Kòdinasyon sèvis nan Part C pou fanmi ki kalifye;
- Evaliyasyon nan plizyè disiplin, asèsman pou timoun nan, ak asèsman pou fanmi;
- Devlope ak kenbe sèvis plan endividyalize pou fanmi (IFSP);
- Aranjman pou livrezon sèvis entèvansyon bonè; ak
- Prepare pou ak fè aktivite tranzisyon timoun piti.

**Konsantman** vle di:

- Ou enfòme nan lang natif ou (Sof si li pa posib pou sa fèt) oubyen lòt mòd komunikasyon sou tout enfòmasyon ki nan aktivite ki mande konsantman yo; ak

- Ou konprann ak dakò alekri ak tout aktivite ki mande konsantman an. Konsantman dwe dekri tout aktivite ke ou bay konsantman ou sou yo ak anrejistre enfòmasyon ki pral bay e ak kiyès yo pral bay.

Konsantman ou volontè e ou ka retire l' alekri nenpòt kilè. Si ou retire konsantman ou, revokasyon ou a efektif menm jou a e li pa aplike sou nenpòt lòt aksyon ki te fèt avan revokasyon an.

Destrikson an vle di destrikson dosye fizik ak/oubyen elektwonik ptit ou oubyen asire ke enfòmasyon ki ka idantifye dosye ptit ou a retire pou dosye a pa ka idantifye.

Divilgasyon vle di aksè ak, oubyen bay, transfè, oubyen lòt komunikasyon dosye entèvansyon bonè ptit ou, bay lòt moun, nenpòt fason oral, alekri, oubyen elektwonik.

**Pwosedi odyans** lan se yon pwosedi fòmèl ki fèt pa yon ofisyè tribunal ki enpasyal pou rezoud dispit ki konsène yon timoun nan oubyen kalifikasyon paran, evaliyasyon plizyè disiplin nan, plasman(kote), ak/oubyen pwovizyon sèvis entèvansyon bonè nan 30 jou demand odyans lan. Delaware adopte pwosedi odyans nan Part C ki konsistan ak 34 CFR seksyon 303.435-438.

Dosye entèvansyon bonè vle di dosye ki konsène direkteman yon timoun ki refere nan pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an. Dosye a rete nan pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an ak/oubyen kontraktè li yo pou evalye ak fè asèsman timoun ki refere pou sèvis entèvansyon bonè ak livrezon sèvis.

Sèvis entèvansyon bonè se sèvis ki nan IDEA, Part C, ki la pou satisfè bezwen devlopman yon ti bebe oubyen yon timoun ki gen andikap ak bezwen fanmi an pou sipòte devlopman timoun nan. Sèvis entèvansyon bonè yo bay nan woutin fanmi an ak aktivite yo pou enfòmasyon yo ka relevan pou sipòte timoun nan pou li patisipe nan anviwonman li.

Dwa edikasyonèl fanmi ak Ak prive refers sou Dwa edikasyonèl fanmi ak Ak prive (FERPA) (20 U.S.C. §1232g; 34 CFR Part 99). Se yon lwa federal ki pwoteje dosye entèvansyon bonè, ansanm ak Aksè ak divilgasyon enfòmasyon pèsonèl, ak dwa paran revize, kopi, ak/ oubyen demand pou chanje dosye pitit ou.

Plan sèvis endividyalize pou fanmi an (IFSP) se yon plan alekri ke fanmi an devlope ak pwofesyonèl entèvansyon bonè ki konsène fanmi ou. IFSP a:

- Baze sou evaliyasyon ak asèsman;
- Ansanm ak konsantman paran;
- Enplimante pi vit ke posib, ak pa plis ke 30 jou, aprè konsantman paran an bay pou sèvis entèvansyon bonè ki nan IFSP a; ak
- Devlope an akò avèk IDEA, Part C.

Ak edikasyon moun ki gen andikap (IDEA) se yon stati federal (Public Law 108-446) ki ap gouvène pwovizyon eta yo ak sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen andikap, nesans jiska 21 ane. IDEA gen 4 pati. Part C nan IDEA defini sèvis entèvansyon bonè.

Mediyasyon se yon pwersè ki itilize kote yon mediyatè enpasyal ede rezoud dispit ki konsène nenpòt entèvansyon bonè pou jwenn yon solisyon ki satisfè 2 pati.

Asèsman sou plizyè disiplin vle di ke pwosedi itilize yo avan plan sèvis endividyalize fanmi an timoun (IFSP) ak tout peryòd kalifikasyon sèvis entèvansyon bonè timoun nan, pou idantifye:

- Fòs ak bezwen ptit ou ak sèvis entèvansyon bonè appropriye pou satisfè bezwen sa yo; ak
- Resous ou yo, priyore w', ak enkyetid ak sèvis entèvansyon bonè nesesè pou amelyore kapasite oubyen lòt moun kap bay swen pou satisfè bezwen devlopman timoun ki kalifye nan woutin chak jou, aktivite ak plas.

Evaliyasyon sou plizyè disiplin vle di evaliyasyon devlopmantal timoun nan fèt pa plizyè pwofesyonèl espesyalize ki diferan fòmasyon nan plizyè bagay tankou pale ak terapi fizik.

Part C nan IDEA mande pou, lè kalifikasyon detèminasyon an ap fèt, timoun nan dwe gen yon evaliyasyon nan plizyè disiplin nan tout zòn devlopman yo (adaptif; mantal; komunikasyon; fizik, ki enkli vizyon, ak tande; ak emosyonèl-sosyal)

Lang natif vle di lang ke paran timoun nan itilize, sof pou evaliyasyon ak asèsman, kote lang timoun nan itilize a se li menm ki itilize pou evaliyasyon an. Lang natif, lè li itilize ak respect pou yon moun ki soud oubyen tande difisil, avèg oubyen pa wè byen, oubyen yon moun ki pa gen yon lang

ki pa ka ekri, ki se mòd komunikasyon ke moun nan itilize a (tankou lang siy, bray, oubyen komunikasyon oral)

Anviwonman natirèl vle di woutin chak jou, aktivite, ak kote ki ankouraje opòtinite pou aprann pou timoun nan ak fanmi l', yon kote tankou lakay fanmi an ak kominote ki natirèl oubyen ki nan menm laj ak lòt moun ki pa gen andikap.

Paran, anndan sèvis entèvansyon bonè vle di:

- Paran biyolojik ou byen paran adoptif; oubyen
- Paran adoptif; oubyen
- Yon gadyen ki gen yon relasyon ak timoun nan ki otorize pou aji tankou paran oubyen otorize pou pran entèvansyon bonè, edikasyonèl sante oubyen desizyon devlopmantal, men pa eta a si timoun nan anba jirisdiksyon tribinal; oubyen
- Yon moun ki ap aji nan plas yon paran biyolojik, tankou granparan, bopè oubyen bèlmè, oubyen lòt moun ke timoun nan ap viv avèl, oubyen yon lòt moun ki legalman responsab pou timoun nan; oubyen
- Yon paran ranplasan ki te nonmen an akò ak 34 CFR Seksyon 303.422.

Avi ekri alavans pou sèvis entèvansyon bonè vle di avi alekri ke yo bay paran nan yon tan rezonab avan yon pwopozisyon oubyen yon refi pou komanse oubyen refize oubyen chanje idantifikasyon, evaliyasyon, oubyen plasman yon ti bebe oubyen yon timoun, oubyen pwovizyon apropriye sèvis entèvansyon bonè pou timoun nan ak fanmi an

Sèvis kòdinasyon se yon pakèt aktivite ki fèt pa yon koöordinatè sèvis pou fanmi pou asiste yon fanmi pou ede kowòdone evaliyasyon nan plizyè disiplin, asèsman timoun nan ak asèsman fanmi an. IFSP, sèvis entèvansyon bonè, ak tranzisyon lè ti bebe a oubyen timoun nan kite pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an.

Founisè sèvis vle di yon antite (publik, prive, oubyen òganizasyon ki pa peye) oubyen yon moun ki bay sèvis entèvansyon bonè, si wi ou non yo resevwa Part C lajan federal.

Pwosedi plent eta se aksyon ki fòmèl ke pwogram entèvansyon bonè soti nan nesans jiska twa zan an pran-Gwoup administrasyon an pou rezoud yon plent ke yon moun pote oubyen yon òganizasyon konsènan nenpòt ajans oubyen founisè sèvis local ki patisce nan bay sèvis entèvansyon bonè ki vyole règleman eta a oubyen federal.

Paran ranplasan vle di yon moun ke pwogram entèvansyon bonè a nonmen pou aji nan plas yon paran pou pwoteje dwa yon ti bebe oubyen yon timoun nan desizyon ki konsène evaliyasyon nan plizyè disiplin, asèsman, devlopman IFSP, livrezon sèvis entèvansyon bonè ak planifikasyon pou tranzisyon.

# Resources

## **Center for Appropriate Dispute Resolution in Special Education (CADRE)**

576 Olive St, Suite 300, Eugene, OR 97401

Email: [cadre@directionservice.org](mailto:cadre@directionservice.org)

Phone: 541-359-4210

Fax: 458-215-4957

## **Delaware Bar Association**

<https://www.dsba.org>

405 N. King Street, Suite 100, Wilmington, DE 19801

Phone: 302-658-5279

Fax: 302-658-5212

## **Delaware Volunteer Legal Services**

<https://www.dvls.org>

New Castle County: 302-478-8850

Kent/Sussex County: 888-225-0582

Email: [tventresca@dvls.org](mailto:tventresca@dvls.org)

## **Disabilities Law Program**

<http://www.declasi.org/disabilities-law-program>

### **New Castle County**

100 W. 10th Street, Suite 501, Wilmington, DE 19801

Phone: 302-575-0660

Toll-Free: 800-292-7980

Disabilities Program: 302-575-0690

TTY: 302-575-0696

Fax: 302-575-0840

Office Hours: Monday–Friday, 9AM–5PM

### **Kent County**

840 Walker Road, Dover, DE 19904

Phone: 302-674-8500

Toll-Free: 800-537-8383

Disabilities Program: 302-674-8503

TTY: 302-674-9430

Fax: 302-674-8145

Office Hours: Monday–Friday, 8:30AM–4:30PM

### **Sussex County**

Georgetown Professional Park

20151 Office Circle, Georgetown, DE 19947

Phone: 302-856-0038

Toll-Free: 800-462-7070

Disabilities Program: 302-856-3742

TTY: 302-856-7491

Fax: 302-856-6133

Office Hours: Monday–Friday, 8:30AM–4:30PM

**Governor's Advisory Council for Exceptional Citizens**

<https://gacec.delaware.gov>

Phone: 302-739-4553

**Parent Information Center of Delaware**

<https://picofdel.org>

**Wilmington Office**

404 Larch Circle, Wilmington, DE 19804

Phone: 302-999-7394

Toll-Free: 888-547-4412

Fax: 302-999-7394

**Kent/Sussex Office**

Toll-Free: 888-547-4412

*Gid Pou Dwa Paran Yo*

**The Special Education Partnership for the Amicable Resolution of Conflict (SPARC)**

<http://www.ipa.udel.edu/crp/sparc.html>

**Institute for Public Administration**

180 Graham Hall, Newark, DE 19716

Phone: 302-831-8971

Fax: 302-831-3488

Kathleen M. Murphy, Policy Scientist, Coordinator

Email: [kmmurphy@udel.edu](mailto:kmmurphy@udel.edu)

Frances M. Fletcher, Associate Policy Scientist – Conflict Resolution Program

Email: [franf@udel.edu](mailto:franf@udel.edu)



*Finanse anba sibvansyon federal #181A200011  
nan Depatman Edikasyon Etazini, Biwo Pwogram  
Edikasyon Espesyal (5/2021)*



*DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES*  
Division of Public Health  
Birth to Three Early Intervention Program